

FAFSA Men kèk ti bagay pou konnen



Kimbe ti enfòmasyon sa yo yon kote enpotan le wap fè FAFSA a pou ka pa fe erè.

FOK OU PREPARE TOUT DOKIMAN OU

- Asire w ke ou nan bon paj la ki se www.fafsa.gov. Gen yon pakèt lòt fo paj kap chaje ou kòb, men FAFSA a gratis pou rampli.
- Chwazi ane lekòl ki korèk pou aplikasyon ou a. Si wap graduate an 2022 fòk ou complete aplikasyon fafsa ki pou ane 2022-2023.
- Ni Elèv la ak ni paran an dwe genyen yon FSA ID pou yo ka komanse aplikasyon epi pou yo siyen li le yo fini fè li. Fok elèv la genyen yon email address ki bon e ki en sevis pou FAFSA ka voye yon kòd pou yo ka verifie identitew lè wap kreye FSA ID a. Menm si ou te gentan genyen yon FAFSA PIN wap toujou bezwen kreye yon FSA ID pou ane lekòl ou bezwen an.

ENFÒMASYON SOU KIJAN POU REMPLI KÈK FÒM

- Lè w rive nan pati ki mandew pou rantre enfòmasyon finansye ou, mete 0 (zero) siw pa fini asirew nèt. Pa kite espas la blanch.
- IRS genyen yon program ki rele IRS Data Retrieval Tool ki ka pran enfòmasyon tax ou direktman nan paj IRS la. Sa ap edew pou pa fè erè epi lap edew tou pou pa bezwen mande yon pou yon transcript tax ou. Si ou program sa pa valab oubyen si w pa ka itilize li, wap oblije antre enfòmasyon tax paran and fè anpil atasasyon ak instriksyon yo bay la.
- Elev High School ki nan denye ane lekòl la (12th grade). Chwazi opsyon ki di sa a: Never attended college/1st year menm si ou te pran class nan yon college oubyen inivèsite paske malgre sa ou se yon elev high school.
- Chwazi opsyon ki di ke ou resevwa yon diplòm (high school diploma) menm si ou asirew ke wap resevwa diplòm ou nan fin ane lekòl la lè w graduate.
- Itilize bouton “Next” ak “Previous” ki sou paj FAFSA a.
- Asirew ke ou suiv instriksyon yo byen pou konnen ki enfòmasyon ki pou elèv la e kisa ki pou paran an.
- Lè yo mande ki kote elèv la ap rete pou chak lekòl li mete, chwazi “On campus” oubyen “Off Campus.” Si ou chwazi opsyon ki di “With parents” ou ka pa ofriw anpil kòb menm si wap rete avek paran vre, chwazi opsyon ki di “Off Campus” la.
- Pou elèv gason yo, de 18 a 25 an, ou oblige anregistre pou Selective Service pou ka resevwa ed finansye nan men FAFSA. Chwazi opsyon ki di “Yes, register me.”

MENM KÈK TI BAGAY KI KA EDEW

- Si w poko konnen si ou vle patisipe nan program “Work-study” a, chwazi “Yes” apre sa wa gen plis tan pou decide. Li pa obligatwa pou aksepte “work-study” a, men si ou chwazi li se elèv la ki responsab pou jwenn travay la.
- Elèv la pa bezwen antre enfòmasyon license kondui li.
- “Household size” ak “Exemptions” pa vle di menm bagay. Exemptions konte pou ane ki fek pase a men Household size la konte pou ane lekòl lè wap aplike pou resevwa kòb nan FAFSA a. Household size la vle di paran avek kantite timoun ke paran an te sipòte pandan komansè 1 Jiyè 2019 rive pou 30 Jen 2020 menm si yo pa rete nan kay la.
- Entre sèlman enfòmasyon paran biologik oubyen paran ki adoptew legalman. Si paran elèv la divòse mete enfòmasyon paran ke elèv la rete avek li plis la oubyen sa ki sipòte elèv la plis finansyèman.
- FAFSA pemèt ou chwazi 10 lekòl sèlman, so chwazi lekòl ki pi enteresew yo. Si ou vle plis ke 10 lekòl:
 - Voye Data Release Number (DRN) a, bay lekòl ki pa nan liste 10 sa ou gentan chwazi a. Wap jwenn nimerò sa nan Confirmation Page la lè ou fini konplete aplikasyon FAFSA a.
 - Fini chwazi 10 lekòl ou vle yo, epi tan Student Aid Report (SAR), lè w jwen SAR la wap ranplase kèk lòt lekòl ak sa ou te gentan pran an deja a.
 - Rele nimerò 1-800-433-3243 epi ba yon DRN ou an pou ka mande yo change SAR; oubyen
 - Itilize FSA ID ou te kreye depi lè ou tap komansè aplikasyon an pou retounen sou aplikasyon an epi chwazi “Make FAFSA corrections.” Songe, nenpòt chanjman ou fè nan FAFSA pral jwenn dezyèm lis lekòl ou te chwazi a sèlman.

MEN KEK ERÈ KI RIVE SOUVAN LÈ YON MOUN AP FE FAFSA

- Non ou pa mache egzateman avek nimerò social sekirite ou. Si yon paran oubyen elèv la genyen yon suffix nan non li, pa egzamp Jr, ou III, lè wap mete non an nan aplikasyon an mete yon espas ant non de famiy la ak suffix la.
- Fè atansyon pou pa mete menm kantite kòb ou mete pou Adjusted Gross Income (AGI) pou income tax paid a. Se 2 montan diferan. Nan papye tax ou an, wap jwenn AGI la nan premye paj fom 1040 a anba nèt nan line 37 epi wap jwenn income tax paid la nan mitan dezyèm paj la nan fom 1040 lan kote ki make “other tax.” Pafwa total la konn “0.” Mete sa ou wè a.
- Gen moun ki konn bliye peze bouton “Submit” la pou yo voye aplikasyon an ale. Lè w fini siyen aplikasyon pa bliye peze bouton “Submit” la epi asirew ke ou we confirmation page la.
- Mete menm non ak menm address ki nan papye tax la ak filing status ki nan dokiman income tax (1040) ou an. Si ou pa fè sa ou pap ka itilize IRS Data Retrieval Tool . Pa korije oubyen change okenn enfòmasyon ki soti nan IRS Data Retrieval Tool.